

# YON FWA OU RESEVWA SWEN NAN SANT MEDIKAL KOMINOTE SA A, OU GEN TOUT DWA POU OU:

1. Chwazi ki doktè ak ki enfimiyè ou vle
2. Resevwa bòdwo lopital la atout detay frè yo
3. Konnen non moun kap pran swen ou ak ki sa egzakteman yo fè
4. Dosye ou a egzaminen pa doktè a, enfimiyè a ak oumenm sèl
5. Resevwa repons opivite depi ke ou poze yon kesyon
6. Konnen kijan nou kolabore ak lòt kote pou nou pran swen ou
7. Resevwa kopi règ ou gen pou syiv antanke pasyan
8. Okouran de swen medikal ki swa gratis oswa pa chè
9. Egzaminen dosye ou yo epi resevwa kopi dosye sa yo
10. Refize elèv oswa moun kap obzève ede nan pran swen ou
11. Refize patisipe nan rechèch oubyen nan pwojè edikatif
12. Rete poukont ou ak doktè a oubyen enfimiyè a lè yap pran swen ou
13. Resevwa tretman tousyit si ou ka mouri, menmsi ou pa gen asirans oswa pa gen lajan pou peye pou swen yo
14. Konnen enfòmasyon sou tout tès ak tretman anvan ke ou resevwa yo
15. Resevwa kopi bòdwo nou voye lòt kote ki pran swen ou
16. Konnen kijan doktè a kolabore ak lòt kote kap pran swen ou – epi konnen si lòt kote sa yo peye doktè a
17. Resevwa kopi bòdwo ak peman konpayi asirans lan oswa pwogram swen medikal la
18. Pou moun ki souffri kansè nan tete; resevwa enfòmasyon sou tretman posib yo pou trete kansè a
19. Pou moun kap fè enplantasyon nan tete; resevwa enfòmasyon sou tout risk ki posib
20. Pou fanm ansent; fòk yo okouran de tout enfòmasyon sou sa nap fè pandan peryòd tranche a ak pandan akouchman an
21. Resevwa èd pou doule